



# Gwaro Rakarerutswa reChiga Chekodzero Dzevanhu:

*Constitution of Zimbabwe  
Amendment (No. 20) Act 2013*

## **1. Chii chinonzi Chiga Chekodzero Dzevanhu?**

Bumbiro renyika ndiwo mutemo mukuru unotsanangura kuti nyika inofanira kutongwa nenzira ipi. Mutemo mukuru wekodzero dzevanhu unowanikwa muChitsauko 4 cheBumbiro reNyika. Chitsauko ichi chinopa kodzero dzinofanira kupiwa vanhu vomuZimbabwe.

Kodzero ndezviya zviga zvatinongowana pamusoro pekuti tiri vanhu. Kodzero dzakapiwa muChiga cheKodzero dzevanhu ndidzo kodzero dziya dzinotsigirwa nemitemo. Mitemo ingada kubvisa kodzero idzi haingabvumidzwi kuvepo kunze kwekuti Chiga cheKodzero dzevanhu chichizvitendera. Kana iripo mitemo nechekare inobvisa dzimwe kodzero dziri muChiga cheKodzero inotonzi haishandi, kana kodzero dziri mubumbiro dziikasatevedzerwa, munhu anogona kukwira kumatare edzimhosva kuti ndambunyikidzwa kana kuinda kuDare rino bata nezveBumbiro renyika kuti anoongororerwa chichemo chake kuti chigadziriswe.

Chiga cheKodzero dzevanhu chiri mubumbiro idzva renyika chine kodzero dzine chekuita nekugarisana kwevanhu nedzine chekuita nematongerwo enyika uye kodzero dzezveupfumi, kugarisana netsika dzemagariro edu. Chiga ichi chinobatawo kodzero dzenzvimbo dzatinogara uye zvakatikomberedza, zvingava zvimerwa kana zvime wewo zviri muvhу. Kodzero dzine chekuita nekugarisana kwevanhu nedzine chekuita nematongerwo enyika ikodzero dzinowana mugari wese agere munyika zviri pamutemo. Kodzero idzi dzinodzivirira munhu kuti asashungurudzwe nehurumende, vamwe vanhu kana mamwe mapoka. Dzinopawo munhu mukana wekupinda muzvirongwa zvechigarisano kana matongerwo enyika pasina rusaruro kana kumbunyikidzwa. Miienzaniso yekodzero dziri muchikwata ichi ndedzinoti:kodzero yokurarama, yokusununguka, yokusaitirwa zvinorwadzisa muviri, yekutura zvaunoda wakasununguka, yekuongana nekudyidzana nevanwe uye yekupinda mune zvematongerwo enyika. Kodzero idzi ndidzo dzinonzi **kodzero dzedamho rekutanga** nekuti ndidzo kodzero dzakatanga kuzivikanwa.

**Kodzero dzine chekuita neupfumi, chigarisano uye tsika nemagariro** dzinonangana nezvinofanira kuwanikwa nemunhu wese zvakaita sekodzero yokuwana basa, pokugara, chikafu, utano, dzidzo uye mutauro wako waamai. Kodzero idzi dzinonzi **kodzero dzedamho rechipiri** nokuti dzakazocherechedza mushure medziya dzekutanga. **Kodzero dze humwe**, idzo dzinonziwo **kodzero dzedamho rechitatu** dzinosanganisira kodzero yebudiriro, runyararo nepekugara pakanaka.

Kodzero, zvaunotarisirwa kuita nekuitira vamwe zvinofambidzana. Umwe neumwe anotarisirwa kucherechedza kodzero dzevamwe vake. uye anokarirwa kutevedzera bumbiro nemitemo

yeZimbabwe. Nekudaro, dzimwe kodzero dziri muChiga cheKodzero dzakanyorwa nenzira yekuti zvido zveruzhinji zvinochengetedzwa uye kuti hazvikanganisi kodzero dzevamwe.

## **2. Ko dzimwe nyika dzinachowo Chiga cheKodzero here?**

Nyika zhini dzinazvovo Zviga zveKodzero izvi mumabumbiro enyika adzo. Izvi zvinonyanyoonekwa munyika dzine mabumbiro azvinozvino dzakaita seSouth Africa neNamibia.

## **3. Ndedzipi kodzero dziri muChiga cheKodzero?**

Kodzero dzinochengetedzwa nebumbiro renyika dzakapamhama kusanganisira: dzekugarisana kwevanhu uye zvematongerwo enyika; dzeupfumi, chigarisano uye tsika nemagariro; dzekuumba boka uye dzemamwe mapoka akakosha.

Zviri pachena kuti chido chekuchengetedza kodzero, jechetere nehutongi hwakanaka chiripo sezvatinoona muChitsauko 1 chinopa hwaro hwebumbiro, Chitsauko 2 chinopa zvinangwa zvenyika, Chitsauko 3 chinopa kodzero yokuva mugari wemunyika kozoti icho Chiga cheKodzero chatinowana muChitsauko 4 cheBumbiro renyika. Chiga cheKodzero chinokomedza nyika uye mapazi anoti nhengo dzeparamende, matare edzimhosva nevatunganiriri vakuru venyika nemamwe mapazi ehurumende kuchitevedzera. Chinopawo munhu chaiye uye mapoka – achitorwa semunhu pamutemo (semakambani) - zvavanotarisirwa kuita, zvichiederana nekuti ikodzero ipi yamuri kutaura nezvayo. Vanhu chaivoivo uye mapoka – achitorwa semunhu pamutemo – zvinochengetedzwa ne Chiga cheKodzero ichi.

Paanoshandisa nekutsanangura mashandiro eChiga cheKodzero ichi, matare edzimhosva anofanira kucherechedza zvinotevera:

- mitemo inobata nyika dzese dzepasi rino pamwe nezviwe zvitenderano zvakabvumiranwa nazvo neZimbabwe;
- zvese zviri muBumbiro renyika, kunanya zvinangwa zvenyika nembiru dzakapiwa muchitsauko 2 uye
- zvinokosheswa zvinopa hwaro hwekugara kwejehetere kunopa kuvimbika, hutongi hwakanaka, kuremekedza kukosha kwemunhu, kubata munhu wese zvakafanana uye kusungunuka.

Pamusoro pezvo, pakutonga mhosva kwawo, matare edzimhosva anogona kushandisa mitemo yedzimwe nyika yakakodzera.

### **3.1 Kodzero dzakakosha**

Hedzinoyi kodzero dziri muChiga cheKodzero:

#### **Kodzero yekurarama**

Munhu wese ane kodzero yekurarama. Asiwo, Bumbiro renyika rinobvumidza munhu kutongerwa rufu kana abatwa nemhosva yekuponda Vanhu vakaita seava havangatongerwi rufu:

- munhu akange asati asvika makore 21 ekuzvarwa paakapara mhosva;
- munhu apfuura zera remakore 70 okuzvarwa
- munhukadzi

Mwana asati azvarwa (achiri mudumbu) ane kodzero yekurarama. Pari kugadzirwa mutemo uchapa zvikonzero zvinobvumidza kuti nhumbu ibviswe.

#### **Kodzero yekupa munhu wese rusununguko rwake**

Munhu wese ane kodzero yerusununguko rwake. Kodzero iyi inosanganisira kusagarisa muubatwa usina kutongwa nedare kana kuti pasina chikonzero chakakodzera. Uyezve munhu haafanirwi kuiswa mutorongo nechikonzero chekuti haana kuita zvaakatsidzira kuita. Zvichireva kuti munhu haangaiswi mutorongo nokuda kokutadza kuripa chikwereti.

#### **Kodzero dzevasungwa nevanhu vari mutorongo**

Kodzero dziri muchikamu chino dzinosanganisira :

- kodzero yekuudzwa chikonzero chawasungirwa kana kuiswa muubatwa;
- kodzero yekumiririrwa negweta mudare redzimhosva;
- kodzero yekusamanikidzwa kubvuma mhosva kana kureurura;
- kodzero yekuudzwa kodzero dzako semusungwa;
- kodzero yekunyarara (kuramba kutaura paya paunosungwa);
- kodzero yekutaurira hama yako yepadyo;
- kodzero yekusanyimwa kusununguka kwako pasina chikonzero;
- kodzero yekupokana nekusungwa kwako kana kuiswa muhubatwa uye
- kubatwa neruremekedzo uye semunhu

Pamusoro pezvo, munhu wese anenge asungwa kana kuiswa muhubatwa anofanira kuendeswa kumatare mukati menguva pfupi isingadariki maawa 48 kubva paasungwa, zvisinei nekuti nguva iyi yakwana uri Mugovera here kana kuti Svondo kana kuti zuva rezororo yeruzhinji rwenyika. Kana nguva iyi ikakwana musungwa asati aendeswa kumatare, anofanira kuregedzwa aende zvake.

### **Kodzero yekubatwa neruremekedzo rwakakodzera munhu**

Munhu wese ane ruremekedzo rwekuzvarwa narwo mukurarama kwake pachake ega kana kuti pakati peruzhini. Ruremekedzo irworwo runofanira kukosheswa nekuchengetedza.

Ruremekedzo urwu runosimbaradzwa chose muBumbiro renyika. Harungovi kodzero yakamira yega pachayo muchikamunyana 51, asi kutoti ndechimwe chehwaro kana kuti misimboti wechikamu 3.

Sezvamborehwa kare, kuremekedza munhu ndicho chimwe chezvinhu zvinofanira kucherechedza nedare redzimhosva paya parinoshandisa nekutsanangura mashandiro eBumbiro remitemo yenyika.

### **Kodzero yekuchengetedza**

Munhu wese ane kodzero yekuchengetedzamuviri wake uye kushandisa pfungwa dzake sezvaanoda (asi zvisingakanganisi kodzero dzevamwe). Izvi zvinosanganisirara:

- kodzero yokusawirwa nemhirizhonga;
- kodzero yokusarudza zvaunoda maererano nokuita vana uye
- kodzero yokusashandisa mutsvakurudzo dzezvemishonga kana kubviswa dzimwe nhengo dzemuviri wako zvisina mvumo yako.

### **Kodzero yekusarwadzisa kana kubatwa nenzira inodzikisira chimiro chako semunhu**

Munhu haabvumidzwi kurwadzisa pamuviri wake kana mupfungwa. Haabvumidzwe zvakare kubatwa nenzira inodzikisira chimiro chake semunhu.

### **Kodzero yekusaitwa nhapwa kana muranda**

Hakuna munhu anokodzera kubatwa senhapwa kana kurambidzwa kuzvisarudzira zvaanoda kuita kana kuita mararamiro ake aanoda.

### **Kodzero yekusashanda basa rechibharo**

Hapana munhu anofanira kumanikidzwa kuita basa raasina kuzvisarudzira pachake.

### **Kubatwa zvakafanana nevamwe vese nekusaitirwa rusaruro**

Mutemo unotora vanhu vese sevakafanana uye yane kodzero yekuchengetedza nemutemo. Varume kana vakadzi vane kodzero yekupiwa mikana yakafanana pane zvese mukurarama kwavo nemunyaya dzematongerwo enyika. Hapana munhu

anofanira kuitirwa rusarura nepamusana perudzi, ruvara rweganda,dzinza, kwaakazvarwa, kwaakabva neko, rurimi rwake, chitenderi, chinzhimbo chake mudunhu, bato rematongerwo enyika raari nhengo,mafungiro ake, tsika, magairo, kuva murume kana mukadzi, mamiriro ake maererano newanano kana upfumi, urema, zera, kuzvitakura kana kuti akazvarirwa muwanano here kana kunze kwayo.

Hurumende inotarisirwa kuedza pose painogona ichishandisa mitemo nedzimwe nzira dzakakodzera kuona kuti kodzero iyi yekubatwa kwevanhu zvakafanana inotevedzwa. Inofanira zvakare kuona kuti vanhu nemapoka vakamboshaiswa mikana nekuda kwerusarura vanochenetedzwa nemazvo. Uku hakunganzi kukanganisa.

### **Kodzero yekurarama upenyu hwako pasina anokukanganisa**

Kodzero iyi ine dzimwe kodzero mukati dzinoti:

- kusapindirwa pamba pako kana dzimwe nzvimbo dzako zvisina mvumo yako;
- kusasechewa iwe pachako kana dzimwe nzvimbo dzako dzaunadzo zvisina mvumo yako;
- kusatorerwa zvinhu zvako zvisina tsanangudzo;
- kusakanganisirwa kutaura kwako nevamwe kana kupindirwa mune zvakavanzika zvako.
- kusashambadzirwa urwera hwako kumunhu wese wese

### **Kodzero yekuungana kana kufambidzana nevamwe**

Munhu wese ane kodzero yekuungana kana kufambidzana nevamwe. Izvi zvinosanganisirawo kodzero yekusaungana kana kusafambidzana nevamwe. Munhu haafaniri kumanikidzwa kuva nhengo yeripi zvaro boka kana kuenda kumusangano upi zvawo unenge washeedzerwa.

### **Kodzero yekutaridzira kana kuisa zvichemo**

Munhu wese ane kodzero yekutaridzira kana kuburitsa zvichemo zvake chikuru zvichiitwa murunyararo.

### **Kodzero yekusununguka mupfungwa**

Munhu wese ane kodzero yekuva akasununguka mupfungwa, kusanganisira kufunga zvaanoda, maonere ake zvinhu, chitenderi, uye kuita zvinotaridza maonero ake nechitenderi chake pangava pamba pake kana pese pese. Munhu haafaniri kumanikidzwa kuita mhiko isingapindirani nemafungiro ake kana chitenderi chake. Vabereki kana vachengeti vevana vasati vakura vane mvumo yekusarudzira vana ivavo chitenderi semaonero avo uye tsika dzavo. Izvi hazvifaniri kukanganisa kodzero dzevana ivavo dzakaita sekuwana fundo, utano, kudzivirirwa kunjodzi uye

kuriritirwa. Mapato echitenderi anobvumidzwa kuvaka zvikoro zvinodzidzisa chitenderi chavo.

### **Kusununguka kutaura mafungiro ako uye kusununguka kwenhepfenyuro nemapepanhau nezvimwe zvinofambisa mashoko**

Munhu wese ane kodzero yekutura mafungiro ake. Kodzero iyi inosanganisira:

- Kutsvaga, kugashira nekutumidzira pfungwa dzako nemamwe mashoko;
- Kutaridza umhizha hwako pane upi zvawo mutambo. Kushambadza zvawakatsvakurudza, umhizha hwekfunga nekuita zvinhu zvitsva, kutaura nezvedzidzo wakasununguka;

Panowedzerwawo:

- Rusununguko rwemapepanhau nedzimwe nzira dzekufambisa mashoko uye vatapi venhau havamanikidzwi kudura kwavanenge vawana zvavanonyora.
- Zvinobvumidzwa kutanga nhepfenyuro nedzimwe nzira dzemagetsi dzekufambisa mashoko chikuru mitemo yekuzvivamba ichinge yatevedzerwa.
- Nhepfenyuro uye mapepanhau ehurumende haafaniri kuva nedivi raakarerekera. Zvinofanira kusununguka kupa pfungwa dzazvo (zvichiederana netsvakurudzo dzinenge dzaitwa) kunyangwe pfungwa idzi dzisingapindirani nedzehurumende.
- Rusununguko rwokutura pfungwa dzako nerusununguko rwemapepanhau harubvumidzi kukurudzira mhirizhonga, ruvengo kana kutangotaura zvisina maturo pamusoro pevamwe. Harubvumidziwo kungoshambadza zvakavanzika zvevamwe pasina chikonzero chakatsarukana.

### **Kuwana ruzivo rwezvinoitika**

Chizvarwa chese chemuZimbabwe kana uya ava mugari wemo zvachose ane kodzero yekuwana ruzivo rwaanoda kubva kuhurumende kana ruzivo irworwo ruchida kushandiswa kukurudzira hurumende kuita zvainotarisirwa. Kodzero iyoyi inowanikwavo nezvimwe zvisiri vanhu chaivo (semakambani) nezvese zvinofambisa mashoko. Pamusoro pezvo, munhu wese ane kodzero yekuwana mashoko (kana ruzivo) zvaanoda kubva kune umwe munhu, kusanganisira hurumende kana achida kuzvishandisa kuchengetedza kodzero.

Munhu wese anobvumidzwa kukumbira hurumende kana mamwe mapazi ayo kudzima mashoko asiri iwo, kana asiri echokwadi pamusoro pake.

Panofanirwa kudzikwa mutemo unosimbisa izvozvi. Mutemo iwoyo unofanira kuonawo kuti rumwe ruzivo harufaniri kungowanikwanje kana rwune chekuita nekuchengetedzwa kwenyika kana kuchengetedza mamwe mabasa. Asi kussangopa

ruzivo pese pese uku kunofanira kuitwa nenzira yakajeka zvinofambirana nehutongi hwejehetere.

### **Mitauro netsika**

Munhu wese anekodzero yekutura mutauro waanoda uye kutevedzera tsika dzake asi mukudaro asingakanganisi vamwe kutevedzera tsika dzavowo sokupiwa kwazvakaitwa mu Bumbiro renyika. Bumbiro renyika rinocherechedza mitauro gumi nemitanhatu inoti: Chewa, Chibarwe, Chirungu, Kalanga, Koisan, Nambya, Ndau, Ndebele, Shangani, Shona, mutauro wevane dambudziko rekunzwa nekutura (*sign language*), Sotho, Tonga, Tswana, Venda neXhosa.

### **Kuita basa raunoda**

Munhu wese anobvumirwa kuita ripi basa raanoda. Basa iroro rinofanira kunge richitevedzera mitemo yenyika.

### **Kodzero dzevashandi**

- Mushandi wese ane kodzero yekubatwa zvakanaka pabasa uye kupiwa muhoro wakakodzera.
- Mushandi wese anofanira kuitirwa zvese zvinoita kuti ashande akasununguka
- Mushandi wese, kusya kwevashandi vane chekuita nekuchengetedza kwenyika, anekodzero yekuvamba bato rake ronomiririra vashandi kana kuve nhengo yebato riripo nechakare raanoda.
- Mushandi wese, kusya kwevashandi vane chekuita nekuchengetedza kwenyika, anekodzero yekutaridzira. Izvi zvinosanganisira kuinda pasitiraiki, kugara panzvimbo yepabasa pake asi asingashandi uye kuramba kushanda, senzira yekutaridza kutsutsumwa kwake. Panogona kudzikwa mutemo unorambidza izvi kana iri nzira yekuti mabasa asingagoni kumira aenderere mberi achiitwa.
- Varume nevakadzi vanofanira kupiwa muhoro wakafanana kana vachiita basa rakafanana.
- Vakadzi vane kodzero yekuinda pazororo remateneti kwemwedzi isiri pasi pemitatu vachitambira mubairo wavo wakakwana.

### **Kodzero yekufamba nekugara paunoda**

Chizvarwa chese chemuZimbabwe chine kodzero yekupinda muZimbabwe, kusadzingwa muZimbabwe uye kuwana pasipoti. kana ripi gwaro rekufambisa.

Chizvarwa chese chemuZimbabwe kana upi zvake ari muZimbabwe zviri pamutemo ane mvumo yekufamba akasununguka munyika, kugara munzvimbo ipi yaanoda uye kubuda muZimbabwe.

## **Kodzero dzezvematongerwo enyika**

Chizvarwa chese chemuZimbabwe chine kodzero idzi:

- Kuitirwa sarudzo dzakasununguka, dzinoitwa nemazvo uye nenguva yakakodzera
- Kusarudza zvaanoda mune zvematongerwo enyika
- Kuvhota muchivande (pasina akamutarisa) kana kuvhoterwa muzvigarozvevoruzhinji chikuru asvika makore 18 ekuzvarwa.

Kuchitevedzerwa Bumbiro remitemo reZimbabwe, zvizvarwa zvemuZimbabwe zvine kodzero idzi:

- Kuvamba, kuve nhengo yebato ravanoda nekuita mabasa ebato iroro
- Kutsvaka rutsigiro rwebato rake akasununguka zvisina mhirizhonga uye
- Kuita mabasa ebato rake, emamwe magungano kana emamwe mapoka zvisina mheremhere.

Chese chizvarwa chemuZimbabwe chine makore ekuzvarwa 18 kana kupfuura chine kodzero ye kuvhota kana kuvhoterwa muzvigarozvevoruzhinji kuti kuve nejchetere, paramende inofanira kugadzira mutemo unoita kuti mapato ezvematongerwo enyika apiwe mari nehurstumende.

## **Kodzero yekuwana rubatsiro kumatare edzimhosva**

Munhu wese ane kodzero yokubatwa zvakanaka kumatare edzimhosva nemazvo uye kuwana rubatsiro nekukasira. Munhu wese ane kodzero yokuudzwa nekukasira uye zvakanyorwa pasi mabatirwe ake angangokanganisa kodzero dzake.

## **Kodzero yekunzwika kumatare**

Munhu wese anopomerwa mhosva ane kodzero yekumiswa pamberi pedare mushure menguva pfupi achibva mukusungwa uye achiteererwa umbowo hwake zvisina divi rakarerekwerwa.

Munhu wese ane kodzero yokuenda kumatare uye kuzvisarudzira gweta rinomumiririra.

## **Kodzero dzemusungwa**

Munhu wese anenge apomerwa kupara mhosva ane kodzero dzinotevera:

- haafaniri kungonzi ane mhosva pasina umbowo hunoratidza kuti ane mhosva

- Kukasira kuudzwa mhosva yaanopomerwa;
- Kupiwa nguva nomukana wakakwana wokuti agadzirire uchapupu hwake;
- Kupiwa mukana wekumiririrwa negweta raanoda achibhadhara iye;
- Hurumende imutsvagire gweta ichibhadhara iyo, kana zvakakodzera, kuitira kuti musungwa asabatwa zvisakakodzera;
- Kuve nemuturikiri anotaura rurimi rwaanonzwisisa;
- Kunge aripo panotongwa mhosva yake;
- Kupa uchapupu uye kukwikwidza uchapupu hunenge hwapiwa;
- kuti akwidze nyaya yake kumatare epamusoro;
- kuti nyaya yake iwongororwe nedare repamusoro;
- kuti nedzimwe nguva, kana umbowo hwapiwa husina kuwanikwa nenzira inobvumwa neChiga Chekodzero husashandisa mudare;
- kuti asabatwa nemhosva kana zvaanopomerwa zvisati zvava kutorwa sekutyora mutemo uye kana zvisisatorwi semhosva panguva iyoyo;
- kuti asatongerwa mhosva yaakambotongerwa kare akaregererwa, akasabatwa nemhosva kana kuti akasungirwa
- kuti apiwe zvinyorwa zvematongerwo aitwa nyaya mushure menguva pfupi abva mukutongwa, mushure mokunge abhadhara kamuripo kanodiwa

### **Kodzero dzekuva nezvinhu**

Munhu wese ane kodzero yokuva nezvinhu zvake, kuzvitengesa, kuzvipa umwe munhu, kuzvitsinhisa,kana kuzvitengesa iye ari ega kana kuti akabatana nevamwe;

Munhu wese ane kodzero yokusatorerwa zvinhu zvake nechisimba kunze kwekunge chiitiko ichi chichitsigirwa nemutemo kana kuti zvichiitirwa kuchengetedza kodzero dzeruzhinji. Kunge izvi zvaitika, muridzi wezvinhu zvacho anofanira kuziviswa nguva ichipo uyevaya vatenga zvinhu zvacho vanofanira kubhadhara zvakakodzera. Mukati memazuva 30 vatenga, vaya vatenga vanofanirazve kupiwa magwaro kudare anoratidza kuti vatenga zvechokwadi.

Uya ari kutengerwa anekodzero yekukwikwidza kumatare kutengeswa kwezvinhu zvake kana kupokana nemutengo uri kupiwa. Kodzero iyi inodzikiswa kana pava panyaya dzine chekuita neminda sezkatsanangurwa pasi:

### **Kodzero yemunda**

Hurumende inogona kutora munda zvechisimba kana ichida kugovera vamwe vanhu, kushandisa munda wacho kuita zvime, kuita masango, kuchengetedza zvimerwa nezvimwe zvingavamo,kuchengeteramo mhuka kana zvime zviwanikwa kana kutamisa vanhu. Kana munda watorwa nenzira iyi, unobva wava wehurumende zvachose.

Kuchitevedzwa bumbiro renyika, muridzi wemunda watorwa nenzira iyi hapana

mubhadharo waanopiwa. Asiwo muridzi wemunda anobhadharwa zvivakwa zvaangange akavakapo munda usati watorwa.

### **Kodzero yekuwana fundo**

Chizvarwa chese chemuZimbabwe kana upi zvake ari muZimbabwe zviri pamutemo ane kodzero idzi:

- Kuwaniswa nehurumende dzidzo yemavambo kana yevakuru.
- Kuwaniswa fundo yepamusoro nehurumende kuchindiswa mitemo yakakodzera kana dzimwe nzira. Zvinotarisirwa kuti nekufamba kwenguva, hurumende inofanira kuona kuti fundo yepamusoro iyi inowanikwa nemunhu wese zviri nyore uye nemari inokwanisika.

Munhu wese anobvumidza kuvhura chikoro chake pauzima asi haafaniri kuita rusaruro pavana vangada kudzidzapo sezvinoreva Bumbiro renyika.

Zvichienda nekuwana kwainoita, Hurumende inofanira kuona kuti nekufamba kwenguva, kodzero iyi inozadziswa.

### **Kodzero yekuwana hutano**

Chizvarwa chese chemuZimbabwe kana upi zvake ari muZimbabwe zviri pamutemo ane kodzero yekuanisira hutano kusanganisira kodzero yekuita vana.

Munhu wese ane chirwere chatora nguva ndefu ainacho ane kodzero yekuwana kurapwa chirwere ichocco. Every person living with a long-term illness has the right to access basic health care services for the illness. Hapana munhu anofanira kurambidzwa rubatsiro rwechimbichimbi pachipatara chipi zvacho chiri munyika muno.

Hurumende inofanira kuona kuti nekufamba kwenguva, yatora matanho ekuti kodzero iyi izadzikiswe.

### **Kodzero yekuwana chikafu nemvura**

Munhu wese ane kodzero yekuwana mvura yakachena ine hutano uye chikafu chakakwana. Naizvozvo, zvichienda nekuwana kwainoita, Hurumende inofanira kuona kuti nekufamba kwenguva, kodzero iyi inozadziswa.

### **Kodzero dzewanano**

Munhu wese ava nemakore anopfuura 18 ekuzvarwa anekodzero yekuwana kana kuwanikwa achitangawo mhuri yake. Hapana munhu anofanirwa kumanikidzwa kuwana kana kuwanikwa kana asingadi hake. Vanhurume kana vanhukadzi havabvumidzwi kuwanana pachavo.

## **Tsanangudzo yedzimwe kodzero**

Chikamu chino cheBumbiro chichawedzera kutsanangura dzimwe dzekodzero nenzira youti dzigone kunzwisisika nokushandiswa.

### *Kodzero dzevanhukadzi*

- Vanhukadzi vane rukudzo rwakakwana uye rwakaenzana nerwevanhurume. Vane kodzero dzakangofanana nedzevanhurume, dzinosanganisira kipiwa mikana yakafanana neinowanikwa nevarume panyaya dzematongerwo enyika, dzeupfumi uye zvese zvinoitwa munyika.
- Vanekodzerowo dzakafanana nedzevarume dzekurera nekuchengeta vana. Paramende ingangodzika mutemo wokuti kodzero idzi dzingashandiswa sei.
- Mitemo yose uye tsika dzechivanhu dzinoitwa zvinokanganisa kodzero dzemadzimai sezvadziri muBumbiro hadzibvumidzwi.

### *Kodzero dzevana*

Mwana umwe neumwe (wese ari pasi pemakore 18) ane kodzero dzinotevera:

- Kubatwa zvakafanana pamberi pemutemo
- Kupiwa zita nemutupo wedzinza rake;
- Kuwana gwaro rekuzvarwa nekukasika;
- Kuchengetwa nevabereki kana nehumwe urongwa hwakakodzera
- Kuchengetedzwa pakusabatwa chibharo kana kushandiswa, kusabatwa zvakanaka, kungosiwa asina anoriritira kana zvimwewo zvisakakodzera.
- Kupinzwa chikoro, kuendeswa kuchipatara. Kuwana chikafu chinovaka nekuwana pekugara;
- Kusapinzwa muchiuto kana kushandiswa mukurwa hondo
- Kusamanikidzwa kuita zvematongerwo enyika
- Kusaiswa muhusungwa kunze kwekunge pasisina chimwe chekuita uye
- Kana akazenge aiswa muusungwa, kunge kuri kwenguva pfupipfupi, asingasanganiswi nevakuru uye achibatwawo zvakakodzerana nezera rake.

Pane chese chine chekuita nemwana, zvido zvake ngazvicherechedzwe. Vana vanokarirwa kuchengetedzwa zvakanyanya nematare, kunyanyisa Dare Guru sairo muchengetedzi mukuru wevana

### *Kodzero dzevatana*

Munhu wese apfuura makore 70 ekuzvarwa anokodzera kuwana:

- Rubatsiro rwakakodzera kubva kuhurumende kana hama dzake;
- Chengetedzo yehutano nekuwana mishonga kubva kuhurumende uye
- Kuwaniswa mari nehirumende yekuti azviriritire.

Hurumende inofanira kuona kuti nekufamba kwenguva, yatora matanho ekuti kodzero iyi izadzikiswe.

#### *Kodzero dzevanhu vakaremara*

Hurumende, sekuwana kwayo inofanira kutora matanho ekuona kuti vanhu vakaremara vakwanisirwa kusvika pavanogona kuitira kuti:

- Vagone kuzviraramira;
- Vagone kugara nemhuri dzavo vachiwaniswa mukana wekuita zvese zvinoitwa mavagere;
- Vachengetedzwe kubva kune zvese zvekuvashandisa nekuvashungurudza;
- Vakwanise kuwana rubatsiro rwekurapwa kungavabatsira pahurema hwavo;
- Vawanirwe pekudzidza pakavakodzera uye
- Vabhadharirwe kufunda kwavo nehurstumende

#### *Kodzero dzevarwi verusununguko*

Varwi ava ndivo vaya vakarwa kana kubatsira varwi vechimurenga kana kuti vakasungwa kana kuiswa muubatwa munguva yehondo yerusununguko rweZimbabwe. Vanofanira kurangarirwa pamusoro pezvavakaita muhondo yekusunungura Zimbabwe uye vawane rubatsiro rwewurufeya rwakaita sepenjeni kana kurapwa. Paramende inofanira kudzika mutemo wekuti vawane zvakavakodzera zvataurwa pamusoro.

### **4. Kodzero idzi dzingadzikiswa here?**

Bumbiro idzva rinopa mukana wekudzikisa kodzero idzi tichienzanisa neBumbiro rekare pakuti rinotaura paya pangatadzikana kutevedzwa kodzero dzacho. Chikamu chino chinopa zvinhu zvizhinji zvinofanira kucherechedzwa, kusanganisira kuti kutadzikana uku kune chekuita nezvinotarisirwa neruzhinji here, mhando yekodzero yacho uye pangasvika kukundikana kwacho.

Dzimwe kodzero hadzgoni kumbodimurira dzakaita sekodzero yekurarama (kunze kwekutongerwa rufu), kubatwa nehuremu hwemunhu, kusarwadziswa kanakubatwa nenzira isingakodzeri munhu, kodzero yekusaitwa nhatapwa uye kodzero yekutongwa mumatare zvakakodzera.

Kunze kwechinyorwa chekugona kushomedza kodzero chapiwa pamusoro, Bumbiro rinobvumidza kudzikwa kwemutemo wekurerutsa kodzero kana paita dambudziko rechimbichimbi rauya pasina gadziriro.

### **5. Chiga chekodzero chinga shandurwa here?**

Hongu. Chiga cheKodzero chiru muBumbiro renyika uye Bumbiro racho rinogona

kushandurwa. Asi zvinonetsa kushandura Chiga cheKodzero pane kushandura Bumbiro sezvo zvingada kushandurwa muchiga zvichifanira kuinda kusarudzo inoitwa nenyika yose (*referendum*).

## 6. Kodzero idzi dzinomanikidzwa kutevedzerwa nenzira ipi?

Bumbiro rakapa nzira dzakawanda muChitsauko 4 dzekuti kodzero idzi dzitevedzerwe.

- Bumbiro idzva renyika rakaumba dare rinoona nezvekutevedzerwa kweBumbiro rionzi *Constitutional Court*. Asi kwemakore 7 mushure mekutambirwa kweBumbiro iri, vatongi vemuDare guruguru rionzi Supreme Court ndivozve vachagara sedare rinoona nezvekutevedzerwa kwe Bumbiro (*Constitutional Court*).
- Kana munhu akafunga kuti kodzero dzake sokupiwa kwadzakaita muChiga cheKodzero dzavhiringidzwa kana kuti dzingangovhiringidzwa, anogona kunyorerera ku *Constitutional Court* kuti zvigadziriswe. Bumbiro idzva rinobvumirawo kuti umwe munhu amiririre uya asingakwanisi kuinda kudare iri, kana kumiririra zvido zveboka kana nhengo dzaro, kana zveruzhinji rwevanhu, anokwanisa kuinda kudare iri achisvitsa chichemo. Uya aenda kudare iri anofanira kunge achidudza kuti imwe yekodzero dziri muChitsauko 4 yatyorwa kana kuti ingangotyorwa. Ipapo dare rinogona kuona zvaringaita kugadzirisa chichemo chacho.
- Munhu anogona kukumbira mutongi wedare, mejasitiriti kana upi anenge achimira semutongi kuti apfuudze nyaya yake *kuConstitutional Court* kana ingave nechekuita nekutyorwa kweChiga cheKodzero. Mutongi wedare kana mejasitiriti anofanira kutotambira chikumbiro ichi kunze kwokuti zvaonekwa kuti chikumbiro ichi hachina hwaro kana kuti inongova nzira yokuda kutambisa nguva.
- Mapoka (makomisi) anonzi ma*Independent Commissions* anova anotsigira utongi hwejehetere akaiswawo muBumbiro senzira yekukurudzira kuchengetedzwa kwekodzero dzevanhu zvikuru mapoka anoti *Zimbabwe Human Rights Commission* uye *Gender Commission*. Ma*Commissions* iwaya anogona kufererefeta kutyorwa kwekodzero asi haagoni kupa mitongo kana zvisungo zvine simba rinenge rematare edzimhosva.

